

Pran Dòz Rapèl Vaksen kont COVID-19 ki Ajou a ak Vaksen kont Grip la Jodi a!

Yo rekòmande vaksen kont grip yo ak nouvo dòz rapèl vaksen COVID-19 la kounye a. Vaksen kont grip yo disponib pou moun ki gen 6 mwa e plis, epi nouvo dòz rapèl kont COVID-19 la, yo kreye pou bay pwoteksyon kont nouvo souvaryant omicron yo, disponib pou moun ki gen 5 mwa e plis. Si w te resevwa dènye dòz vaksen kont COVID-19 la sa gen omwen de (2) mwa, se moman pou w pran dòz rapèl la.

Èske mwen kapab pran nouvo dòz rapèl kont COVID-19 la nan menm moman ak vaksen kont grip la?

Wi. Ou kapab pran yo an menm tan oswa apa. Sa ki enpòtan an se pran toude vaksen yo anvan lontan. COVID-19 la ak viris grip la ap simaye an menm tan nan sezon otòn ak ivè sa a. Toude vaksen yo pèmèt ou redui risk pou w bezwen swen medikal.

Èske mwen kapab pran nouvo dòz rapèl kont COVID-19 la si mwen te gen COVID-19 dènyeman?

Wi, menpanse pou rete tann twa (3) mwa apre ou fin gen COVID-19 la. Ou gendwa oblije pran dòz rapèl ou a si ou menm oswa yon pwòch gen plis risk pou w ekspoze ak COVID-19 la oswa malad grav akòz COVID-19 la. Pale ak pwofesyonèl swen sante w la si ou gen kesyon.

Si ou pa gen yon pwofesyonèl swen sante, rele **311** pou yo mete ou an kontak ak laswenyay. Yo ap ba w swen nan Vil New York kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou, asirans ou oswa kapasite w pou peye.

Ki dòz rapèl kont COVID-19 mwen ta dwe pran?

Ou kapab pran dòz rapèl Pfizer ki ajou a (si ou gen 5 mwa oswa plis) oswa dòz rapèl Moderna ki ajou a (si ou gen 6 mwa oswa plis), kèlkeswa mak ou te resevwa oparavan an.



Pran nouvo dòz rapèl kont COVID-19 la ak vaksen kont grip la jodi a! Pou w jwenn yon kote yo bay vaksen, ale sou nyc.gov/vaccinefinder oswa rele nan 877-829-4692. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/health/covidvaccine oswa nyc.gov/health/flu.